

# Svondo remichindwe

Zakariya 9-9-10

9 Fara kwazvo iwe mukunda weZioni;  
pururudza iwe mukunda weJerusarema;  
tarira, mambo wako anouya kwauri;  
ndiye wakarurama, ndiye unokunda;  
unozvininipisa, akatasva mbongoro,  
iyo mhuru mwana we mbongoro.  
10 Ndichaparadza ngoro pakati paEfraimi,  
namabhiza pa Jerusarema;  
vuta vokurwa vuchaparadzwa;  
uchataurira nhudzi dzavanhu rugare;  
ushe hwake huchabva pagungwab kusvikira pagungwa,  
nokubva kuRwizi Kusvikira kumigumo yenyika.



**Mateo 21:1-11**

*Jesu anogamuchirwa muJerusarema*

Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri. 3 Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita achiti:

5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.’”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu. 7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo.

8 Vanhu vazhinji vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti: “Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!” “Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!” “Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?” 11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofita anobva kuNazareta kuGarirea.”

(Verengawo: Mako 11:1-10, Ruka 19:28-38, Johani 12:12-15)

**Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita raShe. Mapisarema 118:26**

## **Ngatitarisei Svondo yemichindwe**

1. Jesu akaraira vadzidzi kuti vaende muguta. Ikoko vaizondowana mbongoro ne mwana wayo iyo yavaida kushandisa. Ko Jesu akudzei vadzidzi vake? (*Akavaudza kuti vaisunungure.*)
2. Ko Jesu akaziva sei kuti mwene we mbongoro aizotenda kumupa? (*Aiziva chiprofita che Testamente Yakare. Mwanakomana waMwari naizvozvo anoziva zvose.*)
3. Vadzidzi vaifanira kutii kumwene wembongoro? (*Ishe anoida.*)
4. Vanhu vakaitei kuratidza rukudzo wravo kunajesu apo akapinda muJerusarema? (*Vakawaridza nhumbi dzavo pamwechete nemashizha emichindwe kuti afambe pamusoro pazvo.*)
5. Ko vanhu vakadanidzira vachiti chii? (*Hozana kumwanakomana waDhavidhi! Wakaropafadzwa uyo unouya muzita raShe! Hozana kune wokumusorosoro!*)
6. Jesu akapinda muJerusarema akatasva mbongoro sa Mambo wenyika yose. Ko nemhaka yei Jesu akatasva mbongoro panzvimbo chebhiza? (*Jesu muchinda werugare, kwete wehondo. Mumazuva aJesu mbongoro yaiva mucherechedzo wokuzvininipisa, mutakuri wemutoro uye nechirangaridzo cherugare.*)
7. Ko izvi zvinorevei pamusoro peupnyu hwedu sevaKristu. (*Tingada kutevera muenzaniso waShe Jesu wokuzvininipisa nokutakurirana mitoro. Tingada kushumira zvichibva parudo rwedu naMwari.*)
8. Mutoro rudzii uyo Jesu akatitakurira? (*Akatakura mutoro wezvivi zvedu apo akatifira pamuchinjikwa.*)
9. Ko iwe ungaitei kuratidza rukudzo rwako kunajesu? (*Kumurumbidza nenziyo, mumunamato uye neupenyu hwedu. Taurira vamwe nezverudo rwake rukuru kwavari.*)